




KEMENTERIAN
PENDIDIKAN DASAR
DAN MENENGAH
2025

B3



Nyieun Langlayangan

Membuat Layang-Layang

Penulis : Taufik Rahayu
Ilustrator : Anisa Istiani Solichah



KEMENTERIAN
PENDIDIKAN DASAR
DAN MENENGAH
2025



Nyieun Langlayangan

Membuat Layang-Layang

Penulis : Taufik Rahayu
Ilustrator : Anisa Istiani Solichah

Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah Dilindungi Undang-Undang

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintahan dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU No. 3 Tahun 2017. Buku ini disusun dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Balai Bahasa Provinsi Jawa Barat, Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa, Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman.

Nyieun Langlayangan Membuat Layang-Layang

Penanggung jawab: Herawati

Penulis : Taufik Rahayu
Penerjemah : Ebah Suhaebah
Ilustrator : Anisa Istiani Solichah
Penelaah : Taufik Ampera
Penyunting : Desie Natalia
Penata letak : Maman Sulaeman

Penerbit
Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah

Dikeluarkan oleh

Balai Bahasa Provinsi Jawa Barat
Jalan Sumbawa Nomor 11, Bandung 40113
Pos-el: balaibahasa.jabar@kemendikdasmen.go.id
Laman: www.balaibahasajabar.kemendikdasmen.go.id
Instagram: @balaibahasajabar
Facebook: Balai Bahasa Provinsi Jawa Barat
YouTube: Balai Bahasa Jawa Barat
Telepon: (022) 4205468

Cetakan kedua, 2025
ISBN 978-623-118-597-6

Isi buku ini menggunakan huruf Comic Sans 14pt, Vincent Connare.
V, 44 hlm: 21 x 29,7 cm.

Pesan Bu Hera

Hai, anak-anakku sayang. Salam literasi!

Buku-buku hebat ini dipersembahkan untuk kalian. Kalian dapat menyimak atau membaca cerita-cerita yang menarik di dalamnya. Buku ini dipersembahkan dalam dua bahasa, yaitu bahasa daerah dan bahasa Indonesia. Buku dwibahasa ini mengajak kalian untuk mengenal bahasa dan budaya daerah di Jawa Barat. Ilustrasi yang memukau juga akan membantu kalian memahami jalan cerita. Semoga kalian menyukai buku-buku ini dan makin gemar membaca.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi Jawa Barat,

Dr. Herawati, S.S., M.A
197710122001122005

Selain menyajikan cerita bermuatan lokal yang menarik untuk pembaca sasaran jenjang B2 dan B3, buku ini juga mengajarkan anak-anak untuk tetap mencintai bahasa daerah.

**Semoga Balai Bahasa Provinsi Jawa Barat semakin banyak menerbitkan buku-buku seperti ini.
(Benny Rhamdani, penulis dan pemerhati buku anak).**

Nyieun Langlayangan
Membuat Layang-Layang



Saban peré sakola,
Yana sakulawarga ngalongok aki ninina di Cisompét.
Di lembur téh Yana rék medar langlayangan.

Setiap liburan sekolah,
Yana sekeluarga menengok kakek dan nenek di Cisompet.
Di kampung, Yana akan bermain layang-layang.



Mobil can bisa asup ka lembur aki jeung ninina.
Bapana Yana nitipkeun mobil di buruan sakola SMP Negri 1 Cisompét.

Mobil belum bisa masuk
ke kampung kakek dan nenek.
Ayah Yana menitipkan mobil di halaman
sekolah SMP Negeri 1 Cisompét.

SMP NEGERI 1 CISOMPET





Ka imah
aki jeung ninina kudu naék ojég deui.
Bisa ogé leumpang, ngan bakal jauh pisan.

Ke rumah
kakek dan nenek harus naik ojek lagi.
Bisa juga berjalan, tetapi sangat jauh.



Nepi ka lembur,
Yana dibagéakeun ku Danan jeung aki ninina.
Ari Danan téh nu sapopoé sok maturan aki jeung nini.

Sesampainya di kampung,
Yana disambut oleh Danan, kakek, dan nenek.
Danan yang sehari-harinya menemani kakek dan nenek.



Sabada sosonoan jeung aki ninina,
Yana mah tuluy ulin jeung Danan.
"Dan, aya nu icalan langlayangan di dieu?"

**Setelah melepas rindu
dengan kakek dan nenek, Yana lalu bermain dengan Danan.
"Dan, di sini ada yang berjualan layang-layang?"**



"Aya, Mang Ujang di tonggoh, palih ditu,"
ceuk Danan nunjuk ka palebah tonggoh.
"Jajap, hoyong mésér jeung medar langlayangan!"
ceuk Yana bari tuluy nangtung rék kaluar imah.

"Ada, Mang Ujang yang rumahnya di atas,
sebelah sana," kata Danan menunjuk ke arah tempat yang lebih tinggi.
"Antarlah, aku ingin membeli dan bermain layang-layang!" kata Yana
sambil kemudian berdiri hendak keluar rumah.



"Ke heula, Yan,
dari pada mésér mah mending ngadamel nyalira.
Da nu diical ku Mang Ujang ogé kenging ngadamelan aki sareng Danan,"
ceuk Danan bangun nu reueus.

"Nanti dulu, Yan,
dari pada membeli lebih baik membuat sendiri.
Layang-layang yang dijual oleh Mang Ujang juga buatan kakek dan
Danan," kata Danan bangga.

"Danan tiasa ngadamel langlayangan?"

"Danan bisa membuat layang-layang?"





"Tiasa.

Yu geura urang ka pipir.
Di ditu aya pakakas jeung bahanna.
Danan jeung aki ogé ngadamelna sok di pipir,"
ceuk Danan.

"Bisa. Yuk,

kita ke halaman samping.
Di situ ada perkakas dan bahannya.
Danan dan kakek juga membuatnya di halaman samping,"
kata Danan.



Di pipir imah
geus aya sababaraha langlayangan ngagantung.
Aya ogé awi parondok meunang motongan.
Kari dirautan jadi rarancang langlayangan.

Di halaman samping rumah
sudah ada beberapa layang-layang menggantung.
Ada juga bambu yang sudah dipotong pendek-pendek.
Tinggal diraut menjadi kerangka layang-layang.

"Nyieun langlayangan mah babari. Asal aya awi temen, bola, péso raut, keretas ketik, jeung elém. Lamun hayang aya warnaan bisa dipulas maké ontan," ceuk Danan.

**"Membuat layang-layang itu mudah.
Asal ada bambu betung,
benang, pisau raut, kertas ketik, dan lem.
Kalau ingin berwarna bisa diwarnai menggunakan pewarna
makanan,"
kata Danan.**





"Mimiti mah
urang rautan heula awi keur rarancangna.
Palebah jangjangna kudu saimbang. Ulah beurat sabeulah."

"Awalnya
kita raut dulu bambu untuk kerangkanya.
Pada bagian sayapnya harus seimbang. Jangan berat sebelah."



Yana nu mimiti ngarautan.

"Hésé geuning teu saimbang waé pijangjangeun téh.."

Yana kukulutus katémbong mimiti taak.

Teu babari jiga Danan nu sakali jadi.

Yana yang memulai meraut.

"Ternyata susah, tidak seimbang terus bagian sayapnya ini,"

Yana menggerutu dan terlihat mulai menyerah.

Tidak seperti Danan yang mudah mengerjakan sekali jadi.

"Kudu sabar ngarautan langlayangan mah.
Lamun beurat sabeulah, nu beuratna nu dirautna.
Tong loba teuing,
terus timbang deui. Lamun geus saimbang mah berati geus pas."

"Harus sabar meraut layang-layang itu.
Kalau berat sebelah,
bagian yang berat yang harus diraut.
Jangan terlalu banyak, terus timbang lagi.
Kalau sudah seimbang itu berarti sudah pas."





Ayeuna Yana nyobaan nyieun jajangkungna.

"Ari nyieun jajangkungna mah bébas.

Ngan lamun hayang lincah, beulah luhurna rada digedéan saeutik.

Ngarah gampang ngulinkeunana, babari ditutugkeunana."

Sekarang Yana mencoba

membuat bagian kerangka yang berukuran lebih panjang.

"Kalau membuat bagian kerangka yang panjang itu bebas. Namun,
kalau ingin bergerak lebih lincah, bagian atasnya harus lebih besar.

Agar mudah memainkannya, dan mudah diarahkan ke bawah."



Yana jeung Danan
tuluy nyieun rangkana ku benang.
Geus kitu mah awi nu meunang ngarautan téh mimiti
ngabentuk langlayangan.
Sok sanajan acan dikeretasan.

Yana dan Danan
lalu membuat kerangkanya dengan benang.
Setelah jadi, bambu yang sudah diraut mulai membentuk layang-layang
walaupun belum dipasang kertas.




Geus bérés dibenangan,
kari dielém kana keretas ketik.

Sawaréh aya ogé nu maké keretas sampeu atawa keretas wajit.
Bédana keretas wajit mah rada tahan cai, tapi hésé dipulasna.
Ari keretas sampeu mah rada mahal hargana.

**Setelah selesai diberi benang,
tinggal dilem pada kertas ketik.**

**Sebagian ada juga yang menggunakan kertas
singkong atau kertas wajik. Bedanya kertas
wajik itu tahan air, tetapi susah untuk
diwarnai. Kertas singkong lebih mahal
harganya.**



Mun elémna geus garing, kari dipulas. Bisa maké
ontan warna beureum, héjo, atawa bulao.
Bisa ogé dicampur kumaha kahayang.

Jika lemnya sudah kering, tinggal diwarnai. Bisa menggunakan pewarna
makanan warna merah, hijau, atau biru.
Bisa juga dicampur sesuai dengan keinginan.

Ulah poho
dibuntutan langlayanganana. Ngarah pantes.
Sawaréh mah aya ogé nu maké buntut merak.
Ngan lebar jeung mahal ogé kudu nyiar buntut merakna mah.

Jangan lupa
layang-layangnya diberi ekor. Agar terlihat bagus.
Sebagian ada juga yang menggunakan ekor merak.
Namun, sayangnya mahal dan harus dicari terlebih dahulu.





Yana mulas gambar
juru tilu palebah huluna,
jeung juru tilu saeutik palebah buntutna.

Danan mah
ngagambar persegi
palebah jangjangna kénca jeung katuhu.

Yana
mewarnai gambar segitiga
pada bagian ujung layang-layangnya,
dan segitiga kecil pada bagian ekornya.

Danan menggambar
persegi pada bagian sayap kiri dan kanan.



Bari ngadagoan garing dipulas,
Danan mawa golong kenur dua.
Nu hiji diasongkeun ka Yana.

"Golongna mah meunang nyieun aki tina awi bitung. Bisa ogé
maké kaléng urut cét ukuran sakilo.

Ngan kadang-kadang sok aya nu seukeutna tina kaléng mah.
Matak genteng kana kenur!" ceuk Danan.

Sambil menunggu hasil pewarnaan kering,
Danan membawa golongan kenur dua buah.
Gulungan yang satunya diberikan kepada Yana.
"Gulungan ini dibuat kakek dari bambu betung.

Bisa juga menggunakan kaleng bekas cat ukuran satu kilo.
Hanya saja selalu ada bagian tajam.
Dapat merusak kenur!" kata Danan.




Langlayangan
meunang nyieun Yana jeung Danan siap diapungkeun.

Layang-layang
buatan Yana dan Danan siap diterbangkan.

Yana jeung Danan
mawa langlayangan jeung golongan kenur muru ka
tegalan. Tempat barudak di lembur medar langlayangan.

Yana dan Danan
membawa layang-layang dan golongan kenur menuju tanah lapang.
Tempat anak-anak di kampung menerbangkan layang-layang.





Di tegalan,
kasampak aya barudak nu geus ti
heula medar langlayangan.

Di tegalan,
ternyata sudah ada anak-anak yang lebih
dulu menerangkan layang-layang.



Sawaréh
aya nu mawa langlayangan loba.
Da rék diadukeun. Benangna ogé béda ari nu rék
diadukeun mah mah. Maké benang gelasan nu
seukeut.

Sebagian
ada yang membawa layang-layang banyak
karena akan diadukan. Benangnya juga
berbeda. Layangan yang akan diadukan
menggunakan benang gelasan yang tajam.

"Di lembur mah,
mun hayang langlayangan téh bisa ogé moro nu kapakan.
Lantaran loba nu ngadu téa," ceuk Danan.

"Nu ngadu langlayangan mah lain waé budak, tapi pamuda jeung
kolot.

Barudak mah biasana kalah leuwih resep moro!" ceuk Danan deui.

"Di kampung,
kalau kita ingin layangan cukup dengan menangkap layangan yang yang
putus talinnya. Saking banyaknya yang mengadu layangan," kata Danan.
"Yang mengadu layangan bukan hanya anak-anak, melainkan pemuda
dan orang tua.

Anak-anak biasanya lebih suka berburu layangan!" ujar Danan lagi.



Danan nuduhkeun ka Yana langlayangan nu keur diadu.
Tuluy nu hiji kapakan. Barudak nu moro langlayangan lalumpatan moro.

Danan menunjukkan

kepada Yana layangan yang sedang diadu. Kemudian, layangan
yang satu putus talinya. Anak-anak berlarian memburu layangan.



Yana mah da teu niat rék ngadu langlayangan.
Hayang medar wé hungkul. Jaba can bisa ogé ari kudu ngadu langlayangan mah.

Yana tidak berniat mengadu layangan,
hanya ingin menerbangkannya.
Dia belum bisa kalau harus mengadu layangan.





Yana bungah pisan bisa ngapungkeun langlayangan
di alam lembur nu lalega. Manéhna jadi nyaho jeung bisa ogé
kumaha cara nyieun langlayangan. Malah jadi bisa ogé moro
langlayangan. Jadi teu kudu waé meuli langlayangan.

**Yana bahagia sekali
bisa menerbangkan layangan di kampung yang masih luas.
Dia menjadi tahu dan juga bisa membuat layangan. Bahkan, bisa
juga berburu layangang. Jadi, tidak harus selalu membeli layangan.
Yana bahagia sekali bisa menerbangkan layangan di kampung yanng
masih luas.**

**Dia menjadi tahu dan juga bisa membuat layangan. Bahkan, bisa
juga berburu layangang. Jadi, tidak harus selalu membeli layangan.**



BIODATA PENULIS

Taufik Rahayu, lahir di Garut tahun 1988. Saat ini bekerja sebagai dosen di Program Studi Sastra Sunda Fakultas Ilmu Budaya Universitas Padjadjaran dan sejak tahun 2007 menjadi redaktur Majalah Manglé sampai sekarang.

Tulisan-tulisannya dimuat di Majalah Manglé, Majalah Cupumanik, dan Koran Pikiran Rakyat. Tahun 2016 mendapat Hadiah Sastra LBSS (Lembaga Bahasa dan Sastra Sunda) juara III untuk cerita pendek berbahasa Sunda yang berjudul "Runtah" yang dimuat di Majalah Manglé edisi 2323.

Penulis dapat dihubungi melalui pos-el: taufik.rahayu@unpad.ac.id Whatsapp +(62) 85220011122



BIODATA PENERJEMAH

Ebah Suhaebah, lahir di Sumedang pada tahun 1962. Dia merupakan ahli bahasa Indonesia. Dia pun merupakan purnabakti dari Pusat Pembinaan Bahasa dan Sastra, Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa,

Kemendkbudristek. Keahlian dalam hal bahasa, selain diperolehnya secara langsung di lapangan, baik sebagai ahli bahasa di DPR/MPR RI maupun sebagai penyuluhan, penyunting, dan dosen Bahasa Indonesia, keahliannya pun diperolehnya dari pendidikan formalnya di Program Studi Bahasa Indonesia, Fakultas Sastra Unpad dan Program Studi Linguistik di Pascasarjana Universitas Indonesia.

Satria Tanpa Tanding dan Di Atas Langit Ada langit merupakan buku cerita anak yang pernah ditulisnya, Selain itu, dia pun menulis beberapa buku yang berhubungan dengan Bahasa Indonesia, antara lain Pemahaman dan Penguasaan Siswa Kelas III SLTP DKI Jakarta terhadap Kaidah Kalinat Bahasa Indonesia dan Penyulihan sebagai Alat Kohesi dalam Wacana.



BIODATA ILUSTRATOR

Anisa Istiani Solichah adalah Ilustrator yang berdomisili di Sukabumi. Ia memulai karir di dunia ilustrasi anak sejak akhir tahun 2020.

Ia berharap ilustrasi yang ia buat dapat turut membantu menarik minat anak dalam membaca, menciptakan ilustrasi yang mudah dipahami dan memberikan manfaat lain melalui karyanya.

Saat ini sudah puluhan buku yang telah ia ilustrasikan, baik yang sudah terbit maupun dalam proses penerbitan dari penerbit lokal maupun luar negeri.

Untuk menyapanya lebih lanjut dan melihat beberapa karya lainnya dapat mengunjungi instagram @anisasolichah.

PERJENJANGAN BUKU

BERDASARKAN PERATURAN KEPALA BSKAP
NOMOR 030/P/2022 TENTANG PEDOMAN PERJENJANGAN BUKU

PEMBACA DINI

Jenjang pembaca yang baru kali pertama mengenal buku yang memerlukan peranah untuk mendampingi anak membaca



PEMBACA AWAL

Jenjang pembaca yang memerlukan peranah dan mampu membaca teks berupa kata/frasa dengan kombinasi bunyi huruf, klausa, kalimat sederhana, dan paragraf sederhana

B1

B2

B3

PEMBACA SEMENJANA

Jenjang pembaca yang mampu membaca teks secara lancar berbentuk paragraf dalam satu wacana



PEMBACA MADYA

Jenjang pembaca yang mampu memahami beragam teks dengan tingkat kesulitan menengah



PEMBACA MAHIR

Jenjang pembaca yang mampu membaca secara analitis dan kritis berbagai sumber bacaan untuk menyintesis pemikiran secara lebih baik



CATATAN: RENTANG USIA MERUPAKAN KESETARAAN JENJANG, BUKAN MENJADI ACUAN UTAMA PERJENJANGAN BUKU. ACUAN UTAMA TETAP PADA KEMAMPUAN MEMBACA.

Ayo, Baca Buku di Penjaring!

The screenshot shows the PENJARING website interface. At the top, there are navigation icons (back, forward, search, etc.) and a URL bar with the address <https://penerjemahan.kemendikdasmen.go.id/>. The header also features the PENJARING logo and a search bar. Below the header is a decorative banner with various school-related illustrations like books, a globe, and a robot. The main content area displays a grid of book covers with titles such as "Pete si Calon Ketua ...", "Janji Main", "Koleksi untuk Kate", "Wah! UFO!", and "Hidung Serba Tahu". There are also smaller book covers at the bottom of the grid. A search bar and sorting options are visible above the grid.



Pindai untuk akses laman!







Halo, Anak-Anak Indonesia!

Yuk, kunjungi kanal **YouTube** Penjaring Pusdaya untuk menikmati cerita anak dalam bentuk buku audio video yang dilengkapi dengan bahasa isyarat! Jangan lupa klik suka dan langganan, lalu bagikan ke teman-temanmu.



<https://www.youtube.com/@penjaring>





Setiap libur sekolah, Yana Bersama ibu dan bapaknya selalu menyempatkan berkunjung ke kampung halaman bapaknya yang berada di Cisompét, Kabupaten Garut. Selain menengok kakek dan neneknya, Yana sudah berniat akan bermain layang-layang bersama Danan, anak uwaknya yang tinggal bersama kakek dan neneknya. Yana senang bermain layang-layang di kampung karena suasana kampung yang asri dan sejuk, serta tempat bermain yang masih luas, berbeda dengan suasana di kota yang sempit dan padat. Danan juga mengajari Yana untuk membuat layang-layang sendiri.



KEMENTERIAN
PENDIDIKAN DASAR
DAN MENENGAH
2025

